



Sa ou dwe konnen sou:

VIH, PrEP, ak Oumenm

Se pou w defann pwòp sante pa w!

Sèvi ak asirans Medicaid la pou ede w rete an sante.

Avantaj Medicaid sa yo ka ede w anpeche pran enfeksyon VIH:

- **Vizit medikal**, pou ou ka pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou risk ou genyen pou pran enfeksyon VIH epi si PrEP bon pou ou.
- **Medikaman PrEP**, ki ka ede w anpeche pran enfeksyon VIH lè ou pran yo jan yo di w la.
- **Tès ki gen rapò ak PrEP**, pou asire w ou rete an sante.

Asirans Medicaid ou garanti medikaman PrEP, vizit medikal, ak tès ki asosye avèk PrEP menm jan ak lòt avantaj sante ou yo.

Si ou gen kesyon sou fason pou w itilize avantaj ou yo, rele nimewo telefòn ki sou kat Medicaid ou an.

Al gade nan

www.prepforsex.org

pou jwenn plis enfòmasyon sou PrEP.

Konprann VIH

Èske ou te konnen...?

- Viris Iminodefisyans Imèn (ki rele VIH tou) se yon viris ki atake sistèm iminitè kò a.
- Kounye a, pa gen okenn gerizon pou VIH. Yon moun ki pran VIH genyen li pou lavi.
- Yo estime 1.2 milyon Ameriken ki gen 13 lane ak plis ap viv ak VIH.¹
- Ou ka pran VIH si ou fè sèks san kapòt. Ou ka pran VIH tou lè ou pataje sereng, zegwi, ak lòt bagay yo itilize pou enjekte dwòg.
- Sèl fason pou konnen si ou gen VIH se fè yon tès VIH.

Fason pou Anpeche VIH ak PrEP

- Pwofilaksi Avan Kontak (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) se yon medikaman kote ou pran yon sèl grenn ki anpeche VIH an ka ou ta pral pran kontak ak VIH nan jou k ap vini yo.
- Lè ou pran jan yo preskri a, PrEP travay byen, diminye risk pou pran VIH jiska 99 pousan kay moun ki pa gen VIH yo.
- PrEP se sèlman pou moun ki p ap viv ak VIH. Yon tès VIH nesèsè anvan ou kòmanse PrEP. Ou dwe repete tès VIH la chak twa (3) mwa pandan w ap pran li.
- Si w ap itilize yon metòd planing, terapi òmòn, ou ansent, oswa menm ap bay tete, ou ka toujou pran PrEP san danje.

Kisa ou ka fè?



Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou sou risk ou genyen pou pran VIH epi si PrEP te ka bon pou ou.



Si pwofesyonèl swen sante ou preskri PrEP, mande enfòmasyon sou fason pou ede ou pran PrEP alè.



Swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante ou a sou fason pou w pran medikaman PrEP, fason pou w fè tès VIH la, ak swivi vizit medikal.



PrEP pa anpeche lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks. Sèvi ak kapòt, zegwi pwòp, ak ekipman pou piki pwòp pou anpeche lòt pwoblèm sante. Fè tès regilyèman pou enfeksyon moun pran nan fè sèks.



Si ou panse ou te deja pran VIH, chèche atansyon medikal imedyatman. Pale ak yon pwofesyonèl medikal sou pwofilaksi apre kontak (post-exposure prophylaxis, PEP) oswa rele liy dirèk PEP a:

Nan Vil New York:
844-3-PEPNYC (844-373-7692)
Deyò Vil New York:
844-PEP4NOW (844-737-4669)

¹ <https://www.cdc.gov/hiv/statistics/overview/index.html>